




Liv yo nan Bib la

Liv pou Kolore



Otè a va rezèве tout dwa yo.

Pastè Robert Murillo

**Legliz Batis Endependant de Guadalajara,
Jalisco, Mexico**

Pou plis enfomasyon, ou kapab ekri:

publicaciones@ministerioslamb.net

(Otè a bay legliz yo pèmisyon pou fè kopi nan lesyon yo pou sèvi nan legliz yo.)


JENÈZ



“Nan konmansman, Bondye kreye syèl la ak latè a.”

Jenèz 1:1



EGZÒD



**“Lè sa a, Moyiz ak moun pèp Izrayèl yo chante
yon chante pou Senyè a. Men sa chante a di: -
M'ap chante pou Senyè a:”**

Egzòd 15:1

LEVITIK



**“Senyè a rete nan Tant Randevou a, li rele Moyiz,
li di l' konsa: ”**

Levitik 1:1

NONB



“Sèlman, pa kenbe tèt ak Senyè a! Nou pa bezwen pè moun k'ap viv nan peyi sa a. . . Bondye ki t'ap pwoteje yo a kouri mete deyò. Men Senyè a kanpe la avèk nou. Nou pa bezwen pè yo.”

Nonb 14:9

DETÉWONÒM



**"N'a kenbe kontra sa a. N'a fè tou sa ki di ladan l'
pou nou ka reyisi nan tout sa n'ap fè."**

Detewonòm 29:9

JOZYÉ



**"... Pa janm dekouraje! Ou pa bezwen tranble, ou pa
bezwen pè, paske Senyè a, Bondye ou la, ap toujou
kanpe la avèk ou kote ou pase."**

Jozyé 1:9

J J J



**"... -Ann ale! Senyè a lage kan moun Madyan yo
nan men nou."**

Jij 7:15

RIT



**“Se moun pa ou yo ki va moun pa m'. Bondye
w'ap sèvi a, se li m'a sèvi tou.”**

Rit 1:16

I SAMYÈL



**“Senyè a vini, li kanpe, epi li rele l' jan l' te fè l'
anvan an: -Samyèl! Samyèl! Samyèl reponn: -
Pale non! Sèvitè ou la ap koute ou!”**

I Samyèl 3:10

IL SAMYÈL



**"... Lèzòm gade sou sa ki parèt devan je yo.
Men, mwen menm mwen gade sa ki nan kè
moun."**

I Samyèl 16:7


I WA



"Se pou nou toujou kenbe pye Senyè a, Bondye nou an, fèm. Se pou nou mache dapre lòd li ban nou, pou nou fè tou sa li mande nou fè tankou jòdi a."

I Wa 8:61

II WA



**“...Voye moun lan ban mwen, m'a fè I' konnen gen
yon pwofèt nan peyi Izrayèl la.”**

II Wa 5:8


I KWONIK



"...paske Senyè a sonde kè tout moun, li konnen tou sa k'ap pase nan tèt yo. Konsa, si ou chache l', l'ap kite ou jwenn li. Men, si ou vire do ba li, l'ap lage ou nèt tou pou tout tan."

I Kwonik 28:9


II KWONIK



**"Woboram te fè sa ki mal, paske li pat chache
fè volonté Senyè a."**

II Kwonik 12:14


ESDRAS



"Esdras te pase tout tan li ap etidye lalwa Senyè a. Li t'ap swiv tou sa ki ladan l'. Li t'ap moutre pèp Iz-rayèl la tout lòd ak tout regleman Senyè a."

ESDRAS 7:10


NEYEMI



"....M' okipe ak yon travay enpòtan, m' pa ka desann. Si m' kite travay la pou m' ale kote nou, li pral sispann."

Neyemi 6:3

ESTÈ



“-Pa mete nan tèt ou lè y'ap touye jwif yo w'ap chape... Ou pa janm konnen si se pa pou move pa sa a ou larenn jounen jòdi a?”

Estè 4:13-14

JÒB



**"Te gen yon nom yo te rele Jòb. Li te rete nan peyi Ouz.
Se te yon nom san repwòch ki te mache dwat nan tou
sa l'ap fè. Li te gen krentif pou Bondye, li te toujou ap
chache fè sa ki byen."**

Jòb 1:1


SÒM



**"Moun ki t'ap kriye lè yo ta prale avèk grenn pou yo
simen nan jaden yo, y'ap tounen ak bél chante
nan bouch yo sitèlman yo kontan lè y'ap pote
rekòt la lakay yo."**

Sòm 126:6

PWOVÈB



**"Pitit mwen, lè moun k'ap fè sa ki mal vle detounen ou,
pa kite yo pran tèt ou. Pitit mwen, pa mache avèk
moun konsa! Pa mete pye ou kote moun sa yo pase!"**

Pwovèb 1:10,15


EKLEZYAS



**“Pandan ou jenn gason an, pa janm blyie Bondye ki te
kreye ou la, anvan jou malè yo rive sou ou, anvan lè a
rive pou ou di: Mwen pa jwenn okenn plezi nan lavi.”**

Eklezyas 12:1

KANTIK



**"Pa renmen lòt moun pase mwen ase! Kenbe m' fò
nan bra ou! Renmen tankou lanmò."**

Kantik 8:6

EZAYI



**“Apre sa, mwen tandé Senyè a ki t'ap di: -Kilès mwen
ta voye la a? Kilès ki ta asepte ale pou nou? Mwen
di: -Men mwen. Voye m'!”**

Ezayi 6:8

JEREMI



“Rele m’, m'a reponn ou. M'a fè ou konnen yon bann gwo bagay, yon bann mèvèy ou pat janm konnen.”

Jeremi 33:3

LAMANTASYON



**“Annou gade jan n'ap mennen bak nou! Ann egzaminen byen
jan n'ap viv la! Lèfini, ann tounen vin jwenn Bondye!”**

Lamantasyon 3:40

EZEKYÈL



**“ .. -Nonm o! Louvri zòrèy ou, tande sa mapral di
ou. Kenbe pawòl mwen yo nan kè ou.”**

Ezekyèl 3:10

DANYÈL



**“ Li di Danyèl konsa: -Mwen mande pou Bondye w'ap
sèvi san dezanpare a delivre ou!”**

Danyèl 6:16


OZE



"...Tounen vin jwenn Seyè a! Men sa pou nou di li: Padonnen tout peche nou yo. Asepte sa n'ap mande ou la a."

Oze 14:2

JOWËL



**"...Tounen vin jwenn Senyè a, Bondye nou an. Li gen
bon kè anpil, li gen pitye pou moun. Li pa fache
fasil, li p'ap janm sispann renmen nou. Li toujou
pare pou padonnen nou."**

Jowël 2:13

AMÒS



**"Chache fè sa ki byen pou nou ka viv. Pa fè sa ki mal. Lè
sa a, Senyè a, Bondye ki gen tout pouvwa a, va kanpe
avèk nou..."**

Amòs 5:14


ABDYAS



**"Jou a pa lwen rive, kote mwen menm, Senyè a,
mwen pral jije tout nasyon yo. . . sa nou te fè a, se
sa yo pral fè nou tou."**

Abdyas 15


JONAS



"Bondye wè sa yo t'ap fè a. Li wè yo te soti pou yo chanje lavi yo vre. Se konsa li chanje lide. Li pa pini yo ankò jan li te di li tapral pini yo a."

Jonas 3:10

MICHE



**"Men ou menm, lavil Betleyèm . . . ou se yonn nan pi piti
nan tout lavil . . . Men, se nan mitan ou m'ap fè soti pou
mwen yon chèf pou pèp Izrayèl la, yon chèf k'ap soti
nan yon fanmi ki la depi lontan lontan."**

Miche 5:2


NAWOUUM



**"Men, Senyè a gen bon kè tou: Jou malè, se li ki
pwoteje pèp li. Li pran swen tout moun ki vin
kache anba zèl li."**

Nawouum 1:7


ABAKIK



**"Men mesaj la: Moun ki pa mache dwat devan Bondye
p'ap chape. Men moun ki mache dwat yo va viv paske
yo te kenbe konfyans fèm yo nan Bondye."**

Abakik 2:4


SOFONI



**“Senyè a . . . Se li menm k'ap delivre nou. Li kontan wè sa n'ap fè.
L'ap mete ou kanpe ankò paske li renmen ou. W'ap fè kè l' kontan.
Li ap chante.”**

Sofoni 3:17

AJ E



**“Lèfini, ale nan mòn yo. Koupe bwa pote vini. Rebatì kay
mwen an. Sa va fè m' plezi, se va yon lwanj pou mwen.
Se Senyè a ki di sa.”**

Aje 1:8

ZAKARI



“Men kounyeya, mwen menm Senyè ki gen tout pouvwa a, men sa m' voye di nou: Tounen vin jwenn mwen, m'a tounen vin jwenn nou tou. Se vre wi sa m'ap di nou la a.”

Zakari 1:3

MALACHI



**"... li fè ekri non tout moun ki gen krentif pou li epi ki
respekte l'. Senyè a di konsa: Y'ap yon pèp apa pou mwen.
Jou m'a deside pou m' aji a, se moun pa m' nèt y'ap ye..."**

Malachi 3:16-17

MATYE



**“... Jezi . . . wè yon nonm yo te rele Matye ki te chita nan
biwo kontribisyon an. Jezi di l' konsa: Swiv mwen.
Matye annik leve, li swiv Jezi.”**

Matye 9:9

MAK



"... Okontrè, si yonn nan nou ta vle vin grannèg, se pou l' sèvi nou tout. Si yonn nan nou ta vle chèf, se pou l' esklav nou tout."






Mak 10:43-44



“Jòdi a, nan lavil David la, nou gen yon Sovè ki fenk fèt: se Kris la, Senyè a....n'a jwenn yon tibebe vlope nan kouchèt, kouche nan yon kay kote yo bay bèt manje.”

Lik 2: 11-12

Krèch Pwojè Atizana



JAN



**“Tou sa ki ekri nan Liv sa a, mwen ekri yo pou nou ka
kwè Jezi se Kris la, Pitit Bondye, pou lè nou kwè a
nou ka gen lavi nan li.”**

Jan 20:31


TRAVAY



**“...Lè sa a, n'a sèvi m' temwen nan Jerizalèm, nan tout
peyi Jide ak nan tout peyi Samari, jouk nan dènye
bout latè.”**

Travay 1:8

WOMEN



**"Nenpòt moun ki rele non Met la gen pou
jwenn delivrans."**

Women 10:13

I KORENT



“Se konnen nou pa konnen kò nou se tanp Sentespri k'ap viv nan kè nou . . . Nou pa mèt tèt nou ankò. Bondye achte nou kach, li peye chè pou sa. Se poutèt sa, sèvi ak kò nou yon jan pou fè Iwanj Bondye.”

1 Korent 6:19-20


II KORENT



**“Se pou sa menm mwen te ekri nou: mwen te vle
sonde nou pou m’ te konnen si nou toujou soti pou
nou koute tou sa m’ di nou.”**

II Korent 2:9

GALAT



**"Men, nou konnen se pa paske yon moun fè tou sa lalwa
jwif yo mande kifè li inonsan devan Bondye, men se lè
li mete konfyans li nan Jezikri Bondye va fè l' gras..."**

Galat 2:16

EFEZYEN



**"Timoun, se devwa nou tankou moun ki kwè nan Senyè a pou
n' obeyi papa nou ak manman nou, paske sa se yon bagay ki
dwat devan Bondye. Respekte papa ou ak manman ou....
Pou nou ka viv lontan ak kè kontan sou late."**

Efezyen 6: 1– 3

FILIPYEN



**"Se pou nou toujou kontan nan lavi n'ap men
nen ansanm nan Seyè a. M'ap repete I' ankò:
Fè kè nou kontan anpil."**

Filipyen 4:4


KOLOSYEN



"... se pou nou rete fèm, byen anrasinen nan konfyans nou, san nou pa pèdi espwa nou genyen depi lè nou te tandé bon nouvèl la..."

Kolosyen 1:23

I TESALONISYEN



"Lè sa a, n'a tande yon gwo lòd pase, n'a tande vwa chèf zanj lan ansanm ak kout klewon Bondye a: epi Senyè a menm va desann sot nan syèl la. Moun ki te mete konfyans yo nan Kris la lè yo te mouri, se yo ki va leve soti vivan an premye. Apre sa, nou menm ki va vivan toujou lè sa a, y'ap vin pran nou, nou menm ansanm ak moun ki soti vivan nan lanmò yo, y'ap mete nou sou nwaj yo pou n' al kontre Senyè a anwo a. Konsa, nou tout n'ap toujou ansanm ak Senyè a."

I Tesalonisyen 4:16-17

II TESALONISYEN



**"Mwen mande Senyè a pou l' dirije kè nou pou
nou ka renmen Bondye, pou nou ka gen
pasyans tankou Kris la."**

II Tesalonisyen 3:5

I TIMOTE



"Pa kite pesonn pase ou nan betiz paske ou twò jenn. Men, se pou ou tounen yon egzanz pou moun ki kwè yo, nan jan ou pale, nan jan ou mennen tèt ou, nan jan ou gen renmen, nan jan ou gen konfyans, nan jan w'ap mennen yon lavi ki dakò ak volonte Bondye."


1 Timote 4:12

II TIMOTE



**“Fè jefò pou ou ka resevwa Iwanj nan men Bondye tankou
yon travayè ki pa wont travay li fè, yon travayè ki fè kon-
nen pawòl verite Bondye a jan l' ye a.”**

II Timote 2:15



**“Se bagay sa yo pou ou moutre moun yo. Otorite yo ba
ou a se pou ankouraje sa ki bezwen ankouraje, pou
rale zòrèy sa ki bezwen gen zòrèy yo rale. Pa bay pe-
sonn okazyon meprize ou.”**

Tit 2:15

FILEMON



**"... resevwa Onezim menm jan ou ta resevwa mwen. Si
I' te fè ou kèk bagay mal, osinon si I' dwe ou kichòy,
mete sa sou kont mwen."**

Filemon 17 & 18

EBRE



**"Konsa, nou la nan mitan foul moun sa yo ki te moutre
jan yo te gen konfyans nan Bondye. . . Ann kouri
avèk pasyans nan chemen Bondye mete devan nou
an."**

Ebre 12:1

JAK



**"Si yon moun pami nou manke bon konprann, se pou
I' mande Bondye, Bondye va ba li li. Paske, Bondye
bay tout moun san mezire, pou gremesi."**

Jak 1:5

I PYÈ



**“Lage tout tèt chaje nou yo ba li, paske l'ap pran
swen nou.”**

I Pyè 5:7


II PYÈ



"Paske, pwofèt yo pa t' janm bay mesaj paske yo menm yo te vle. Okontrè, se Sentespri ki te pouse yo lè yo t'ap bay mesaj ki soti nan Bondye."

II Pyè 1:21

I AK II JAN



“Si m'ap ekri nou lèt sa a, se pa paske nou pa konn verite a non. Men, okontré, se paske nou konnen li. Paske nou konnen pa gen manti ki ka soti nan verite a.”

III JAN



**“Pa gen anyen ki pou fè m' pi kontan pase lè m'
tande ptit mwen yo ap viv dakò ak verite a.”**

III Jan 4

J I D



“Zanmi m' yo, mwen pat manke anvi ekri nou pou m' te pale nou sou jan Bondye delivre nou tout ansanm lan. Men, m' blije ekri nou kounyeya pou mwen kapab ankouraje nou, pou nou pran defans lafwa Bondye te bay yon sèl fwa pou tout tan an, pou tout moun pa l' yo.”

Jid 3

REVELASYON



**“Benediksyon pou moun k'ap li liv sa a. Benediksyon pou tout
moun k'ap koute pawòl mesaj sa a ki soti nan Bondye, pou
tout moun k'ap obeyi tou sa ki ekri nan Liv sa a, paske pa rete
lontan ankò pou bagay sa yo rive.”**

Revelasyon 1:3